

## Kisa ou dwe fè si ou menm osinon yon Kontak ou teste pozitif pou COVID-19

Si ou teste pozitif pou COVID-19 osinon ou te an kontak avèk yon moun ki genyen li, Lekòl Piblik Somerville gen kèk rapèl enpòtan pou ou:

### Si ou teste pozitif pou COVID-19, si ou pran vaksen an osinon ou pa pran l:

- **Ou bezwen rete lakay ou, nan yon chanm separe pou kont ou,** epi kenbe distans ou ak lòt moun lakay ou. (manje poukont ou epi mete yon kach nen si ou kite chanm nan) Yo rele sa **izolasyon**. Ou pa ka ale lekòl, ale travay, oubyen gen moun vin visite w. Ou ta dwe soti sèlman pou yon randevou medikal ijan.

- **Ou dwe reponn telefòn lan si yon enfimyè sante piblik osinon yon kontwolè rele w.** Yo ka ede w rete an sekirite, ede w konnen ki moun pou w avize, ede ou jwenn manje ak lòt sa w bezwen epi reponn kesyon sou viris la.

-**Ou dwe avize nenpòt moun ou te ekspoze a viris la.** Moun sa yo ka moun lakay ou, ak nenpòt moun ou te pase plis pase 15 minit andedan avè w si ou pa 'kapab kenbe 6 pye distans nan 2 jou anvan ou te kòmanse santi w malad la, jiska jou ou te kòmanse izole tèt ou a. Si ou pa t gen sentòm, 2 jou anvan jou ou te pran tès COVID-19 la oubyen jiska jou ou te kòmanse izole tèt ou a. *Tanpri sonje: règleman pou kontak lekòl yo diferan, epi lekòl la ap idantifye tout kontak pwòch ki fèt nan lekòl la.*

-**Si ou gen sentòm, ou dwe izole tèt ou pou piti 5 jou** depi lè sentòm ou yo te kòmanse. Pa egzanp, si ou te kòmanse santi fatig, gòj grate soti premye dawout, ou ta dwe izole nan kay la jiska sis dawout, epi ta sipoze retounen nan aktivite ou sèt dawout depi sentòm ou yo **amelyore** epi ou **pa gen fyèv pou 24 èdtan** san ou pa itilize okenn medikaman pou diminye fyèv la, tankou ibuprofen (Advil, Motrin) oubyen acetaminophen (Tylenol). Anplis fòk ou mete yon kach nen lè w pre lòt moun pou 5jou adisyonèl. Elèv yo ki pa ka mete kach nen pral izole tèt yo pou 10 jou sof si yo gen yon tès negatif nan 5 jou.

- **Si ou PA gen sentòm,** ou ta dwe izole w pandan 5 jou depi lè ou te teste pozitif pou COVID-19 la. Egzanp, si ou te teste soti premye dawout, ou ta dwe izole tèt ou jiska sis dawout epi retounen nan aktivite w sèt dawout. Ou dwe kontinye mete kach nen pandan 5 jou lè ou an kontak avèk lòt moun. Elèv yo ki pa ka mete kach nen pral izole tèt yo pou 10 jou sof si yo gen yon tès negatif nan 5 Jou.

*Si yon moun gen aksè a yon tès epi li vle teste, pi bon apwòch la se sèvi ak yon tès antijèn nan 5yèm Jou peryòd izolasyon an. Si rezilta tès la pozitif, kontinye izole jiska Jou 10 epi retounen lekòl sou 11 yèm Jou a.*

### Si ou te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19:

Si yo di ou se yon kontak pwoch ak yon moun ki gen COVID-19, ou pa bezwen antre an karantèn, men ou dwe mete yon kach nen bò kote lòt moun pou 10 jou. Si ou kòmanse santi ou malad oswa devlope sentòm, ou ta dwe fè tès. Si w pozitif, swiv konsèy ki anwo yo.

*Pou TOUT kontak pwoch yo, pi bon pratik ta enkli yon tès antijèn oswa PCR sou 2 yèm ak 5 yèm Jou apre yo ekspoze a.*

**Last reviewed:** 5/25/22